# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–19 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेस सरकार क वित्तीय बरिस दुइ हजार पचीस–छब्बीस क सामान्य बजट बिहने सदन में पेस होई। प्रदेस विधानमण्डल क बजट सत्र कािल्ह से सुरू भइल हौ। ई पांच मार्च ले चली आजु विधानसभा में महाकुंभ पर चरचा करत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि महाकुंभ क आयोजन के ले के अफवाह फइलावे वाले करोड़ लोगिन के आस्था क अपमान कइ रहल हवें। अबले महाकुंभ में छप्पन करोड़ से बेसी लोगि नहा चुकल हवें।

**हमें भारत की सनातन परंपराओं के प्रति अगाध श्रद्धा का भाव है और उन श्रृद्धाओं को सम्मान देना वह हमारा दायित्व है आयोजन के प्रति तमाम अफवाह तमाम प्रकार के दुष्प्रचार को दरकिनार करते हुए देश और दुनिया ने इस पूरे आयोजन के साथ सहभागी बनकर के इस सफलता की एक नहीं ऊंचाई तक पहुंचाया है।**

श्री योगी कहलें कि संगम क पानी साफ हौ अउर डुबकी लगावे लायक हौ। बिपक्ष क लोगि दुस्परचार कइ रहल हवें। श्री योगी कहलें कि महाकुंभ क आयोजन कउनों सरकार क आयोजन नाहीं हौ। ई सनातन संस्कृति क आयोजन हौ।

**********

देस क नया मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार आजु आपन कार्यभार सम्हारि लिहलें। नई दिल्ली के भारत निर्वाचन आयोग कार्यालय में आपन कामकाज सम्हरले के बाद उहां के अठारह बरिस क उमिरि पूरा कइ चुकल नौजवानन से ओटर बनले अउर ओट डरले क अपीलि कइलीं।

***राष्ट्र सेवा के लिए पहला कदम है मतदान। इसलिए भारत का हर नागरिक जो अठारह वर्ष की आयु पूरी कर चुके हों, उन्हें मतदाता जरूर बनना चाहिए। और मतदान अवश्य करना चाहिए।***

उहां के कहलीं कि भारत क संविधान, चुनावी कानूनन, नियमन अउर ओहमें जारी निरदेस के मोताबिक चुनाव आयोग मतदाता लोगिन के साथे रहल बाटे अउरी रही।

**********

केंद्रीय सूचना अउर प्रसारण आ संसदीय कार्य राज्य मंत्री डॉ एल मुरुगन आजु दुपहरिया बाद गोरखपुर पहुंचलें। उहां के आकाशवाणी अउर दूरदर्शन के अधिकारियन के साथे सार्किट हाउस में बइठकी कइलीं। येह दौरान उहां के प्रसारित होखे वाला कार्यक्रमन क समीक्षों कइलीं। केन्द्रीय राज्य मंत्री भोजपुरी में चलावल जा रहल कार्यक्रमो के बारे में जनकारी लिहलीं।

**********

प्रयागराज महाकुंभ में रोजाना लाखन सरधालुअन क आइल जारी हौ। आजु संझा चारि बजे ले मिलल खबरि के मोताबिक अस्सी लाख बाईस हजार से बेसी सरधालु पवित्र संगम पर नहा चुकल रहलें। आखिरी खबरि मिलले ले महाकुंभ में छप्पन करोड़ बारह लाख से बेसी सरधालु पवित्र पानी में डुबकी लगा चुकल रहलें। केन्द्रीय मंत्री, निर्मला सीता रामन, राममोहन नायडू अउर जीतन राम मांझी अउर झारखण्ड क पूर्व मुख्यमंत्री आ भारतीय जनता पारटी क प्रदेस अध्यक्ष बाबूलाल मरांडियो आजु महाकुंभ में हिस्सा लिहलें। येह बिच्चे, प्रदेस सरकार अउर महाकुंभ मेला प्राधिकरण अइसन अफवाहन के खरिज कइ दिहले हौ, जेहमें दावा कइल जा रहल हौ कि प्रयागराज में महाकुंभ मेला के छब्बीस फरौरी से आगे बढ़ा दिहल गइल हौ।

**********

कासी तमिल संगमम के तीसरका संस्करण कै तहत आजु वाराणसी में विद्यार्थियन बदे पोस्टर अउर पेंटिंग प्रतियोगिता, कहानी लेखन के लेके प्रश्नोत्तरी प्रतियोगिता क आयोजन कइल गइल। एह मौका पर उत्कृष्ट प्रदर्शन करे वाले मेधावियन क केंद्रीय संचार ब्यूरो वाराणसी के ओरि से पुरस्कृत कइल गइल।

**********

स्वामी नारायण समुदाय अक्षरधान क अखिल भारतीय प्रमुख स्वामी त्यागबल्लभदास महाराज आजु आबूधाबी अक्षरधाम क सौ ब्रम्हचारियन के साथे अजोध्या में श्रीरामलला क दरसन कइलें। श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र न्यास क महामंत्री चम्पत राय अउर ट्रस्टी डॉक्टर अनिल मिश्र अबूधाबी के ब्रम्हचारियन क अगुवानी कइलें।

**********

कुशीनगर जिला क जिला शिक्षा आ प्रशिक्षण संस्थान डॉयट के सेंटर ऑफ एक्सीलेंस के रूप में बिकसित कइल जाई। ई जनकारी जिला बेसिक शिक्षा अधिकारी अउर डॉयट प्रभारी डॉक्टर रामजियावन मौर्य दिहलें। उहां के बतवलीं कि कुशीनगर डॉयट पर पनरह करोड़ रूपिया खरच कइ के एकेडमिक ब्लॉक, स्मार्ट क्लास, ऑडिटोरियम अउर आईटीसी लैब के सथहीं अउरियो जरूरी संसाधनों उपलब्ध करावल जाई। सासन पहिली किस्ति के तौर पर सात करोड़ अठारह लाख रूपिया जारी भी कइ दिहले हौ।

**********

मौसम विज्ञान विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में बिहने कहीं–कहीं बरखा अउर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। सथहीं कुछु जगहिनि पर गरज–चमकि के साथे बज्रपातो क सम्भावना हौ। विभाग के ओरि से जारी पूर्वानुमान के मोताबिक येह अंचल में पचीस फरौरी ले मौसम सुस्क रही। येह दौरान देर राति अउर भिन्नहीं के समय कहीं–कहीं ओसि चाहे हल्लुकाहे कुहेसो परले क सम्भावना हौ।

**********